

Monday, November 8, 2021

## Mizajou Imigrasyon Konsènan Ayiti ak Deziyasyon pou Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

### Kisa Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS, Temporary Protected Status) ye?

- Eitati Pwoteksyon Tanporè se yon sitiyasyon imigrasyon ki disponib pou sèten moun ki soti nan peyi Sekretè Sekirite Enteryè a te deziyen kòm kote “ki pa an sekirite pou retounen ladan” pou divès rezon, tankou gè sivil, twoub politik, katastwòf natirèl, eksetera.
- TPS se yon sitiyasyon imigrasyon tanporè yo ka renouvle toutotan deziyasyon TPS lan an plas
- Moun ki gen TPS:
  - Yo pa ka depòte yo nan Etazini
  - Yo Ka jwenn kat otorizasyon pou travay (“pèmi travay”)
  - Yo ka jwenn otorizasyon pou vwayaje nan sèten sitiyasyon (“libète kondisyonèl davans”)

### Kisa Eitati Pwoteksyon Tanporè a PA ye:

- TPS lan an limenm pa yon chemen pou rezidans pèmanan, sitwayènte, oswa lòt sitiyasyon imigrasyon alontèm
  - TPS lan pa anpeche yon moun chèche lòt avantaj imigrasyon (sa vle di, azil, rezidans pèmanan, lòt estati ki pa imigran)
- TPS lan se pa yon pwoteksyon absoli kont depòtasyon
  - Si yon moun vin pa kalifye pou TPS akòz kondanasyon kriminel oswa akòz nenpòt lòt rezon, moun lan ka depòte
- TPS lan pa pèmanan
  - Deziyasyon TPS yo ka dire anpil ane, menm jan sa fèt ak Ayiti, men li pa kapab vin pèmanan
  - Si sitiyasyon ensekirite a nan yon peyi TPS vin rezoud, Sekretè Depatman Sekirite Enteryè a (Department of Homeland Security, DHS) ka mete fen nan pwogram TPS lan pou peyi sa

### Kiyès ki kalifye pou TPS ayisyen ki fèk anonse a?

- Ayiti te deziyen pou TPS nan dat 3 out 2021
- Kondisyon jeneral yo pou kalifikasyon pou TPS ayisyen an sèke:
  1. Ou dwe yon resòtisan (sitwayen) Ayiti epi ou antre Ozetazini kòm yon resòtisan ayisyen
    - Si ou te antre Ozetazini avèk yon paspò ki pa Ayisyen oswa si ou te reklame sitwayènte nan yon lòt peyi, ou p ap kalifye pwobableman pou TPS ayisyen an
  2. Ou dwe te abite Ozetazini depi 29 jiyè 2021
    - Èske ou t ap viv Ozetazini depi dat sa?
  3. Ou dwe te toujou prezan fizikman depi 3 out 2021
    - Èske ou te prezan fizikman Ozetazini depi dat sa?
  4. Ou **pa** dwe te reysantale definitivman nan yon lòt peyi anvan ou vin Ozetazini

- Si yo te ofri ou oswa ou te resevwa yon sitiyasyon imigrasyon pèmanan oswa alontèm nan yon lòt peyi anvan ou rive Ozetazini, ou gendwa pa kalifye pou TPS
  - Si ou panse ou te petèt reyenstale definitivman, ou dwe pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou aplike pou TPS.
5. Ou **pa** dwe gen sèten kondanasyon kriminel
- Sa se yon domèn konplike nan lwa imigrasyon. Pale avèk yon avoka imigrasyon si ou gen enkyetid konsènan kondanasyon anvan yo.

### **Kòman pou mwen aplike pou Eitati Pwoteksyon Tanporè?**

- Frè pou aplike pou TPS lan se \$545 (\$135 si ou pa vle yon pèmi travay). Frè sa se menm frè a li ye pou tout kandida pou TPS yo kounye a, menm si ou te gen TPS deja
  - Nan sèten sikonstans yo ka anile frè sa a pou aplike (sa vle di, moun k ap resevwa èd piblik ki gen revni fèb)
- Fòm I-821, Aplikasyon pou TPS lan dwe ranpli pou ou resevwa TPS
- Fòm I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay la obligatwa pou resevwa yon pèmi travay
- Ou dwe soumèt dokiman ki montre ou ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo:
  - Prèv sitwayènte ayisyen (paspò ak/oswa batistè)
  - Prèv ou te abite epi ou te prezan Ozetazini
    - So Visa oswa lòt dosye dantre, kontra lwaye, bòdwo, lekòl, dosye medikal ak/oswa dosye travay, relve bank, eksetera.
  - Si yo te arete ou oswa si ou panse ou te reyenstale definitivman, ou ka gen pou ou bay lòt dokiman anplis. Ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon si ou gen dout
- Ou ka jwenn kikote ak kòman pou aplike pou TPS sou sitwèb Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an:
  - [uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status/temporary-protected-status-designated-country-haiti](https://uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status/temporary-protected-status-designated-country-haiti)

Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele Catholic Migration Services nan Brooklyn nan (718) 236-3000 oswa nan Queens nan (347) 472-3500 ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m. soti lendi pou rive vandredi.